



Pou Piblikasyon Imedya: 2/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON EKSPANSYON POU EKSPANSYON SANT KOMINOTÈ KI KOUTE 6.6 MILYON DOLA NAN TROY

*Pon sant resous kominotè a ofri edikasyon pou timoun piti, pwogram pou granmoun aje ak jèn ak sipò pou nitrisyon ak byennèt*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon yon ekspansyon ki koute 6.6 milyon dola pou Sant Resous Kominotè Komisyon sou Opòtinite Ekonomik (Commission on Economic Opportunity, CEO) nan Troy la. Pon sant resous kominotè a pral ofri edikasyon pou timoun piti, pwogram pou jèn ak granmoun aje ak sèvis pou nitrisyon ak byennèt.

"Chak Nouyòkè merite aksè nan resous yo bezwen pou yo reyisi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sant kominotè yo enpòtan anpil pou bay sèvis esansyèl tankou edikasyon pou timoun piti, pwogram apre lekòl, ak aktivite ki kenbe granmoun aje yo angaje ak an sante. Sant Resous Kominotè elaji a se yon investisman enpòtan ki pral bay rezidan Troy yo sèvis vital pou plizyè deseni alavni".

Pwojè a ap resevwa sipò yon prim 5 milyon dola pou Komisyon sou Commission on Economic Opportunity for the Greater Capital Region, Inc. atravè alokasyon New York nan finansman federal Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè (Community Development Block Grant, CDBG) Lwa CARES la. Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la ap administre pwogram CDBG-CARES.

CEO pral itilize finansman an pou konstwi yon adisyon nan etablisman ki egziste deja li a ki nan 2328 5th Avenue nan anba lavil Troy. Ekspansyon an pral bay espas pou twa salklas pou timoun piti, yon espas deyò pou bay sèvis kominotè, ak yon sal kominotè.

Pwojè a pral ede reponn ak defi CEO te rankontre pandan pandemi COVID-19 la tankou distans sosyal, dispozisyon sèvis an pèsòn, vantilasyon, espas deyò ki an sekirite, ak teknoloji apwopriye pou operasyon adistans.

Finansman federal Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè Lwa CARES la te distribiye bay eta a an 2020 pou sipòte pwojè kominotè ki adrese pwoblèm sante ak sekirite ki gen rapò ak pandemi an epi amelyore sèvis piblik yo.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare,** "Ekspansyon Sant Resous Kominotè nan Troy la pral benefisye plizyè milye rezidan lè yo bay pwogram ki nesèsè anpil nan yon anviwònman ki an sekirite ak an sante. Pandan tout pandemi an, òganizasyon san bi likratif ak minisipalite atravè eta a te konfwonte ak defi operasyonèl konplèks ak yon ogmantasyon nan demann pou sèvis yo. Prim 5 milyon dola CDBG CARES nou an pral kontribiye anpil nan ede Komisyon sou Opòtinite Ekonomik lan elaji pòte li epi pi byen akonpli misyon li pou bay popilasyon Troy la otonomi".

**Senatè Chuck Schumer te deklare,** "Envesti nan jèn Troy yo se envesti nan avni Rejyon Kapital la, epi mwen fyè pou m delivre 5 milyon dola nan finansman federal pou ranfòse kominote a, fanmi li yo, granmoun aje yo, ak sa ki pi enpòtan toujou, timoun Troy yo. Lè m te negosye Lwa CARES la, se te envestisman nou t ap tann depi lontan - tankou ekspansyon sa ki te nesèsè anpil pou sant kominotè a - ke mwen te gen nan tèt mwen. Kounye a, Troy pral finalman gen espas rasanbleman kominote dènye modèl li merite depi lontan".

**Reprezantan Paul Tonko te deklare,** "Nan mitan pandemi COVID la, Kongrè a te travay rapidman pou fè avanse Lwa CARES la pou ranfòse ekonomi nou an epi bay fanmi nou yo, ti biznis yo, ak kominote yo yon sekou. Mwen kontan anpil pou m wè finansman sa a ap k ap delivre bay Rejyon Kapital nou an. Pwojè sa a pral sèvi rezidan yo nan Troy byen, avèk sipò pou aprantisaj timoun piti, sèvis granmoun aje, ak plis ankò. Mwen espere kontinye fè presyon pou politik ki ranfòse revitalizasyon kominote a epi ki fè rejyon nou an tounen yon pi bon plas".

**Senatè Eta a, Neil Breslin, te deklare,** "Ekspansyon Sant Resous Kominotè Komisyon sou Opòtinite Ekonomik la pral bay popilasyon Troy la anpil avantaj kominotè. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a pou angajman yo pran nan elaji opòtinite edikasyon pou timoun piti, ansanm ak pwogram adisyonèl pou jèn ak granmoun aje ki pral disponib kounye a pou popilasyon atravè kominote nou an".

**Manm Asanble John T. McDonald III, te deklare,** "Komisyon sou Opòtinite Ekonomik la bay moun ak fanmi yo zouti yo ka itilize pou anrichi lavi yo epi pou yo retire tèt yo nan povrete. Ekspansyon sant kominotè sa a pral pèmèt CEO amelyore ak modènize enstalasyon yo ak sèvis pwogram yo, sa k ap pèmèt amelyorasyon enpòtan ki pral afekte tout moun, soti nan granmoun aje rive nan jèn timoun yo. Mèsi Gouvènè Hochul ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a paske yo kontinye envesti nan pwojè ki pral elaji pwogram ak sèvis enpòtan ki pral amelyore kominote a anpil".

**Majistra Vil Troy, Patrick Madden, te deklare,** "Nou trè rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou envestisman enpòtan sa nan jèn rezidan nou yo. Pandemi a te afekte nou tout - pa plis pase jèn nou yo ki te pèdi eksperyans edikatif ak sosyal enpòtan yo. Vil la aplodi CEO pou inisyativ li nan devlope Sant Kominotè sa a ak Eta New York paske yo sipòte travay yo. Sa a se vrèman yon envestisman nan lavni nou".

**Katherine Maciol, Direktè Egzekitif Jeneral ak Prezidan CEO, te deklare,** "Nou ekstrèmman eksite konsènan potansyèl bilding sa a pral pote nan kominote nou an ak pou rezidan Troy yo. Espas anndan ak deyò sa a pral bay opòtinite pou satisfè bezwen byennèt kominote a nan ofri fòmasyon, klas, inisyativ edikatif pou fanmi, selebrasyon, ak anpil lòt bagay ankò. Li pral ede etabli yon sant sèvis ki nesèsè anpil isit la nan koridò Hoosick Street la. Pandemi an te difisil pou kominote nou yo, men bilding sa a make yon nouvo epòk opòtinite enteresan pou CEO ak kliyan nou yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418